

# Pou w jwenn èd ak plis enfòmasyon



Ale nan yon sant VITA. Pwogram Volunteer Income Tax Assistance (Asistans Volontè Deklarasyon Taks sou Revni) bay èd gratis pou ede ou prepare ak ranpli fòm taks yo. Pou jwenn yon sant VITA:

- rele 1-800-906-9887
- ale nan sitwèb IRS la: [www.irs.gov](http://www.irs.gov)



Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ak sou lòt kredi taks ou ka kalifye pou resevwa, ale sou sitwèb [www.mybenefits.ny.gov](http://www.mybenefits.ny.gov)



Ou ka kalifye pou ranpli pwòp taks ou gratis! Pou jwenn plis enfòmasyon ale nan sitwèb [www.tax.ny.gov/pit/efile](http://www.tax.ny.gov/pit/efile).

## Ou ka kalifye pou jwenn kredi siplemantè nan taks Eta New York

### *Kredi Taks Eta New York sou Revni Pwofesyonèl pou Paran ki pa gen Lagad Timoun*

Ou kapab reklame kredi sa a si w ap peye sipò dapre yon lòd tribinal pou timoun ki p ap viv avèk ou.

Ou kapab reklame kredi sa a oswa EITC Eta New York, men pa toulède.

Kalkile sa ou ta resevwa anba chak kredi epi chwazi sa ki pi bon pou ou a.

### *Kredi sou Swen Timoun ak Depandan*

Si w ap peye pou swen yon timoun oswa yon adilt depandan pou w kapab al travay, ou ka kalifye pou kredi fiskal sa a nan Eta New York.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte yon volontè VITA, oswa ale sou sitwèb [www.otda.ny.gov/workingfamilies](http://www.otda.ny.gov/workingfamilies)



Department of  
Taxation and Finance

Office of Temporary  
and Disability Assistance

[www.tax.ny.gov](http://www.tax.ny.gov)  
DTF-215.2-HAI (12/17)

[www.otda.ny.gov](http://www.otda.ny.gov)  
Pub-4786 HA (12/17)



Earned Income  
Tax Credits

# Jwenn tou kredi ou merite ak EITC



# Kredi Taks sou Revni ou Reyalize (EITC)

Kredi fiskal sou revni pwofesyonèl se pou moun ki travay epi ki satisfè sèten kondisyon revni. Kantite kredi yo pa menm, selon dosye fiskal fanmi w, revni fanmi ou touche, ak kantite timoun ki kalifye yo. Ou ka resevwa lajan lè ou ranpli fòm taks sou revni ou, menmsi ou pa dwe okenn taks.

Internal Revenue Service (IRS), Eta New York ak Vil New York ofri kredi fiskal sou revni pwofesyonèl.

## Èske ou kalifye?

Pou kapab kalifye pou nenpòt nan EITC yo, ou dwe satisfè sèten kondisyon:

- touche salè nan travay oswa nan travay endepandan;
- gen yon nimewo sekirite sosyal valab (moun ki ranpli fòm taks epi ki gen ITIN pa kalifye pou reklame kredi);
- gen yon timoun ki kalifye k ap viv avèk ou pandan plis pase mwatye ane a, oswa, si ou pa gen yon timoun ki kalifye, ou dwe gen pou piti laj 25 lane epi mwens pase laj 65 ane;
- epi gen revni envestisman ki \$3,450 oswa pi piti.

## Plis bon nouwèl

Lajan EITC pa afekte kalifikasyon ou pou:

- ASISTANS PIBLIK
- Avantaj SNAP
- Revni Sekirite Anplis
- Lojman piblik
- Avantaj Medicaid

Jwenn ki sityasyon w pou wè pou konbyen lajan ou ka kalifye.

## Ou kapab ede fanmi w ekilibre bidjè li.

## Fason pou aplike

Ou dwe ranpli yon fòm deklarasyon taks sou revni pou kapab resevwa kredi a, menmsi ou pa dwe okenn taks. Deklarasyon taks sou revni sou fòm elektwonik se fason ki pi fasil pou ranpli fòm taks ou ak fason ki pi rapid pou resevwa ranbousman ou. Pou asistans sou taks gratis ale sou [www.tax.ny.gov/pit/file/vita.htm](http://www.tax.ny.gov/pit/file/vita.htm).

Kantite Timoun	Revni Maksimòm (Solitè oubyen Chef Kay)	Revni Maksimòm (Moun Marye Ki Ap Ranpli Ansanm)	EITC* (Jiska)
3+	\$48,340	\$53,930	\$8,529
2	\$45,007	\$50,597	\$7,582
1	\$39,617	\$45,207	\$4,590
0	\$15,010	\$20,600	\$689

\* Dapre yon total melanje kredi maksimòm kredi Vil New York, Eta New York ak federal.



DTF-215-2-HAI (12/17) (vèsò)